

Yon nouvo jenerasyon lidè sivik



Vizyon Nou

Anseye Pou Ayiti ap invest nan yon sistèm edikatif ayisyen ki bay tout sitwayen dwa ak bon jan kalite edikasyon. Nan APA, nou travay ak kominote yo pou n kreye yon rezo lidè sivik. Ansanm, n ap konstui yon sistèm edikasyon egalego ki chita sou istwa, valè, epi vizyon.


Istwa Mouvman APA

APA fonde an 2014 pou kreye yon mouvman ayisyen ki mete egalite chans eskolè ak jistis sosyal an valè. Nou rekrute yon gwoup (kowòt) anseyan-lidè chak lane k ap benefisyè plis pase 400 è d tan devlopman pwofesyonèl ak kotching. Apre nan nou yo retwouve yo sou plan akademik, anplis yo ekipe pou yo reyisi kòm sitwayen-lidè pandan tout lavi yo tou.

APA ankouraje lidèchip anbasadè nou yo (gradye pwogram lan) nan tout sektè sosyete ayisyen an kòm defansè yon refòm edikatif ak sivik. An 2019, nou ajoute yon pwogram pou kowòt paran-lidè ak yon kowòt direktè lekòl pou yo patisipe aktifman nan chanjman sosyal APA ap pwone.

Objektif Nou

Anvan 2025, n ap ekipe 50,000 lidè sivik ann Ayiti. Anndan mouvman APA, sal klas la se inite egzekisyon an epi kominote a se inite chanjman an. Travay APA chita sou rekonèt avantaj kilti, koutim ak kominote lokal, ak yon nouvo fason pou defini lidèchip ki chita sou aksyon kolektif.



2**Year****0****In****2****Review****0**

Mouvman APA: 2014 → 2020

- ▶ **15 → 90** lekòl patnè
 - ▶ **30 → 230** anseyan-lidè & gradye/anbasadè
 - ▶ **670 → 11,000+** aprenan
-
- ▶ 95% gradye kontinye travay nan domèn edikasyon. 15 jwenn pwomosyon kòm manm direksyon lekòl; 9 travay ak Ministè Edikasyon Nasyonal (MENFP).
 - ▶ Pandemi KOVID-19 : Kanpay sansibilizasyon kominotè; pwogram "Aprann ak radyo" pou fasilite aprantisaj aprenan yo.
 - ▶ Done & enpak: Yon patenarya ak Dimagi, Inc. pou aplikasyon mobil APA pou koleksyon done ak rezilta. Yon inovasyon seleksyone pou yon konferans entènasyonal.

N ap ekipe lidè**k ap transfòme sal klas
ak lekòl****epi kominote nou yo**

Apwòch Nou, Inovasyon Nou

- Nou antre fon pou n konbat inegalite.
- Apwòch nou santre sou kominote a, epi n ap enplike tout moun alawonnbadè.
- Transfòme ansèyman ak aprantisaj pou n ekipe aprenan yo kòm lidè sivik.

Malgre defi yo pandan 2020, Anseye Pou Ayiti ap vanse. N ap grandi, men APA rete byen konekte ak orijin mouvman nou an epi apwòch kominotè nou pou jistis nan sistèm edikasyon tounen yon revolisyon kiltirèl ann Ayiti. Egalite ak jistis kontinye oryante tout efò nou yo.

N ap chanje menm jan moun nan lòt peyi konprann Ayiti – ranplase tout sa yo konn itilize pou yo dekri Ayiti, kounye a mete aksan sou espwa, resous lokal ak yon sistèm edikasyon k ap ekipe sitwayen. Mouvman nou an ap pouse pi devan e fòk nou reyisi. Mèsi pou sipò ak solidarite nou. Men anpil, chay pa lou !

